

## Evalyasyon Bezwen: Sondaj

Mèsi paske ou patisipe nan sondaj sa a. Repons ou yo pral ede Ajans Zòn pou Moun k ap Pran Laj (AAA) nou an konprann bezwen ak enkyetid granmoun aje yo ak moun k ap bay swen yo nan kominote nou an. Repons ou yo ap rete konfidansyèl epi yo p ap pataje yo an deyò AAA w la ak Biwo Egzekitif pou Zafè Granmoun Aje yo.

**1. Èske w ap reponn sondaj sa a sou (a) tèt ou antanke yon granmoun aje, oswa (b) antanke yon moun k ap bay swen nan non granmoun aje w ap okipe a (moun w ap bay swen an)?**

- Poukont ou → *SOTE al nan kesyon 3 a nan pwochen paj la*
- Moun k ap bay swen



*Sèlman moun k ap ba w swen ki dwe konplete Kesyon 2 a. Si w reponn pou tèt ou, tanpri sote al nan Kesyon 3 a.*

**2. Ki sipò patikilye ki ta ka ede w antanke moun k ap bay swen? (Chwazi tout sa ki koresponn yo)**

- Swen Soulajman: Soulajman tanporè nan responsablite bay swen.
- Gwoup Sipò: Aksè nan gwoup sipò pou sipò emosyonèl ak sosyal.
- Asistans Finansye: Èd pou depans ki gen rapò ak bay swen.
- Fòmasyon ak Edikasyon: Fòmasyon sou konpetans pou bay swen, swen pou moun ki gen demans, ak enfòmasyon sou jere kondisyon patikilye yo.
- Sipò medikal: Asistans pou jere bezwen medikal moun k ap resevwa swen an, ki gen ladan aksè ak pwofesyonèl swen sante yo.
- Asistans Jiridik: Èd pou pwoblèm jiridik ki gen rapò ak swen, tankou pwokirasyon ak sou titèl.
- Sèvis transpò: Aksè nan transpò pou randevou medikal moun k ap resevwa swen an ak lòt bezwen.
- Modifikasyon nan Kay: Èd pou fè kay la pi an sekirite epi aksesib pou moun k ap resevwa swen an.
- Kowòdinasyon Swen: Èd pou kowòdone swen ak sèvis pou moun k ap resevwa swen an.
- Sipò pou Sante Mantal: Aksè nan sèvis sante mantal pou pwòp byennèt moun kap bay swen an.
- Sipò Teknolojik: Asistans pou itilize teknoloji pou kontwòle ak pran swen moun k ap resevwa swen an.
- Enfòmasyon ak Resous: Aksè nan enfòmasyon epi ak resous konsènan swen ak sèvis ki disponib.
- Sèvis Swen nan Kay: Aksè nan sèvis swen pwofesyonèl nan kay pou ede ak travay k ap bay swen.
- Sipò nitrisyonèl: Èd nan planifikasyon manje ak preparasyon pou moun k ap resevwa swen an.
- Sipò pou balans travay-lavi: Resous pou ede ekilibre responsablite bay swen ak travay epi lavi pèsònèl.
- Resous Kominotè: Enfòmasyon sou resous ak sèvis kominotè ki disponib pou moun kap bay swen yo.
- Lòt (Tanpri presize): \_\_\_\_\_



Si w reponn antanke moun k ap bay swen, tanpri ranpli rès sondaj la pou moun w ap bay swen an, li gen ladan enfòmasyon demografik li yo.

### 3. Bezwen yo

*Tanpri, revize lis ki anba a epi chwazi bezwen ki pi enpòtan pou ou (moun w ap bay swen an) yo ki gen rapò ak moun k ap vyeyi. Egzanp ki anba chak kategori pa gen ladan tout egzanp posib yo, kidonk ou ka chwazi yon kategori menm si w pa wè bezwen patikilye w (moun w ap bay swen an) la nan lis la.*

*Chwazi tout bezwen ki enpòtan pou ou (moun w ap bay swen an):*

- Aksè nan Sèvis
  - Pa egzanp, pou jwenn èd sou benefis Food/SNAP yo ak sèvis finansye yo, epi aplike pou asirans sante.
- Swen Sante Abòdab
  - Pa egzanp, aksè ak sèvis sante abòdab, asirans, jere pri preskripsyon.
- Aksè nan Swen Sante
  - Pa egzanp, jwenn yon doktè, aksè nan sèvis sante, ale nan klas prevansyon kont tonbe (pran so), eksplore opsyon medikaman altènatif, epi resevwa vizit medikal nan kay.
- Lojman Abòdab
  - Pa egzanp, jwenn lojman abòdab, antre nan lis datant pou lojman sibvansyone, epi jwenn aksè ak asistans pou lojman.
- Aksesibilite ak Antretyen Lojman
  - Pa egzanp, jwenn yon lojman Aksesib, epi asistans pou reparasyon ak antretyen pwopriyete yo.
- Swen Lakay pou Kenbe Endepandans
  - Pa egzanp, èd ak aje sou plas, asistans ak aktivite lavi chak jou (tankou benyen, fè bezwen, abiye, manje, mache, penyen), antretyen kay ak pwopriyete (retire nèj, swen gazon, retire fèy), modifikasyon lojman, tach jeneral, pwoblèm ekilib ak mobilite, epi jwenn aparèy ki nesèsè yo.
- Sèvis ak Sipò pou Long Dire
  - Pa egzanp, aksede ak sèvis swen adomisil, amelyore pèsonèl nan enstalasyon swen long dire, sipò nan zòn andeyò yo, epi ranfòse jesyon ka yo.
- Asistans pou Jere Lòt Depans
  - Pa egzanp, asistans pou depans ki pa gen rapò ak lojman epi ak swen sante, tankou taks, sèvis piblik ak manje.
- Sèvis Legal
  - Pa egzanp, jwenn konsèy jiridik pou rezoud enkyetid sou revni ak benefis piblik, swen sante, swen long dire, nitrisyon, lojman, sèvis piblik, sèvis pwoteksyon, abi, neglijans, diskriminasyon sou laj, ak defans nan sa ki gen pou wè ak titèl.
- Sipò pou Sante Mantal ak Konpòtmantal
  - Pou egzanp, jwenn kou sante mantal ak edikasyon, konsèy, èd ak depresyon, enkyetid, ak estrès, konbat itilizasyon eksèsif alkòl ak dwòg.

- ❑ Sipò Nitrisyonèl
  - Pa egzant, aksè nan manje ki bon pou sante, èd pou prepare manje, èd pou livrezon, ak abòde ensekirite alimantè.
- ❑ Sekirite & Pwoteksyon
  - Pa egzant, modifikasyon nan kay pou prevansyon kont tonbe ak ekilib, fè fas ak abi, eksplwatasyon, move tretman, sekirite piblik epi sekirite kominote.
- ❑ Aksè ak Transpò epi Disponibilite
  - Pa egzant, jwenn transpò pou randevou oswa aktivite sosyal, plis opòtinite bis/kovwatirwaj, èd ak transpò piblik ak transpò nan wikenn.
- ❑ Devlopman Mendèv
  - Pa egzant, jwenn travay, opòtinite travay fleksib, opòtinite resiklaj ak travay ki byen peye.
- ❑ Asistans pou Konbat Izolman Sosyal
  - Pa egzant, jwenn konpayon, aksè ak teknoloji abòdab, pwogram telefòn/entènèt, koneksyon regilye, epi sipò fòmèl ak enfòmèl.
- ❑ Opòtinite pou Lwazi, Divètisman ak Sosyalizasyon
  - Pa egzant, jwenn epi patisipe nan aktivite sosyal, enfòmasyon sou pwogram yo, tarif redui nan sit/mize yo, jwenn aksè nan espas deyò pou granmoun aje, epi sosyalizasyon nan kominote andeyò yo.
- ❑ Angajman Sivik / Opòtinite Benevola
  - Pa egzant, jwenn opòtinite benevòl, ankouraje patisipasyon granmoun aje yo nan kominote a, epi patisipe nan aktivite katye.
- ❑ Opòtinite Aprantisaj ak Devlopman
  - Pa egzant, jwenn pwogram edikatif, aprann nouvo konpetans (tankou itilize imèl, entènèt, aplikasyon, elatriye), ak fòmasyon teknoloji dijital.
- ❑ Rete Aktif / Pwomosyon Byennèt
  - Pou egzant, jwenn klas sou vveyisman an sante, enfòmasyon sou byennèt fizik, pwogram antrènman fizik, klas egzèsis pou granmoun aje, ak sipò pou moun k ap bay swen.
- ❑ Konbat Ajis ak Diskriminasyon ki Baze sou Laj
  - Pa egzant, anpeche estereyotip negatif, prejije ak diskriminasyon ki baze sou laj.
- ❑ Simonte Baryè Lengwistik/Kominikasyon
  - Pa egzant, jwenn sèvis entèpretasyon/tradiksyon, jwenn enfòmasyon sou sèvis ak resous nan diferan lang, epi enskri nan klas Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL) yo.
- ❑ Sipò pou LGBTQIA+
  - Pa egzant, jwenn pwofesyonèl ki konprann Madivin, Masisi, Biseksyèl, Transjan, Kwi(Queer)/An Kesyonman, Entèsèks, Aseksyèl/Alye ak lòt pwoblèm ki lye ak idantite, entegre yo nan kominote a, epi resevwa sipò pou fè fas ak prejije.
- ❑ Sipò nan Espirityalite
  - Pa egzant, jwenn aktivite ki baze sou lafwa, devlope opòtinite pou kwasans espirityèl, ak reponn ak sèvis an pèsòn ki manke.
- ❑ Lòt (Tanpri presize): \_\_\_\_\_

#### 4. Klasman Bezwen yo

*Tanpri, klase 3 bezwen ki pi enpòtan ou te chwazi nan lis ki anlè a, baze sou enpòtans yo pou ou (moun k ap resevwa swen an).*

*Pou klase bezwen yo, retounen nan lis Kesyon 3 ou sot konplete a epi ekri yon '1' akote bezwen ki pi enpòtan pou ou a (moun k ap resevwa swen an), yon '2' akote dezyèm bezwen ki pi enpòtan pou ou a, epi yon '3' akote twazyèm bezwen ki pi enpòtan an.*

#### 5. Kiyès nan sa yo ki anba a ki koresponn ak ou (moun w ap bay swen an)? (Chwazi tout sa ki koresponn yo)

- Fè fas ak pwoblèm abi, neglijan oswa eksplwatasyon
- Viv ak Alzaymè oswa pwoblèm demans
- Eksperyans memwa oswa pwoblèm pou reflechi
- Bezwen aksè ak aktivite kiltirèl oswa sosyal (tankou evènman kiltirèl, sèvis relijye, gwoup sosyal)
- Viv ak pèt vizyon (mal pou wè)
- Viv ak pèt tande
- Viv ak andikap fizik (ki gen ladan pwoblèm mobilite ak pwoblèm sante fizik kwonik)
- Nan yon eta sante frajil oswa fèb
- Se yon granparan k ap leve pitit pitit li
- Gen pwoblèm lojman (tankou pwoblèm pou peye lwaye, kondisyon lavi ki pa an sekirite)
- Souvan ou santi w poukont ou oswa izole (tankou entèraksyon sosyal limite, mank konpayi)
- Bezwen sèvis legal (tankou èd ak pwoblèm lojman, benefis gouvènman an, pwokirasyon, ak konsèy jiridik)
- Fè pati kominote LGBTQIA+ la
- Gen pwoblèm sante mantal oswa emosyonèl (tankou enkyetid, depresyon, estrès)
- Bezwen èd ak manje oswa nitrisyon (tankou difikilte pou kwit manje, bezwen pou livrezon manje)
- Ap viv nan yon zòn andeyò (aksè limite nan sèvis, Zòn izole)
- Gen bezwen travay oswa ki gen rapò ak travay (tankou asistans pou chèche travay, akomodasyon nan espas travay)
- Lòt (Tanpri presize): \_\_\_\_\_

#### 6. Nan ki zòn/ki vil ou (moun k ap resevwa swen an) ap viv?

\_\_\_\_\_

#### 7. Ki laj ou (moun k ap resevwa swen an)?

\_\_\_\_\_

**8. Kijan w t ap dekri idantite jan ou (moun k ap resevwa swen an)?** (*Chwazi tout sa ki koresponn yo*)

- Gason
- Fanm
- Non binè, pa konfòm ak janr ki nòme a, oswa jenndèkwi (genderqueer)
- Pa konnen
- Pa nan lis anlè a (Tanpri presize): \_\_\_\_\_
- Mwen prefere pa reponn

**9. Ki ras oswa orijin etnik ou (moun k ap resevwa swen an)?** (*Chwazi tout sa ki koresponn yo*). (*Note sa, ou kapab chwazi plis pase yon (1) gwoup.*)

- Blan
- Nwa oswa Afwo Ameriken
- Amerendyen oswa Moun ki fèt Alaska
- Azyatik
- Moun Hawaii oswa Lòt moun nan Zile Pasifik
- Mwayen Oryan oswa Nò Afriken
- Ispanik oswa Latino
- Kèk lòt ras oswa gwoup etnik: \_\_\_\_\_

**10. Èske ou (moun k ap resevwa swen an) pale yon lòt lang ki pa Anglè lakay ou?**

- Wi
- Non

**11. Si wi, ki lang sa ye?**

- Espanyòl
- Pòtigè
- Chinwa (ki gen ladan Mandaren ak Kantonèz)
- Franse
- Kreyòl ayisyen
- Vyetnamyen
- Italyen
- Ris
- Arab
- Koreyen
- Lòt: \_\_\_\_\_

**12. Nan ki nivo w (moun k ap resevwa swen an) pale Angle?**

- Trè byen
- Byen
- Pa byen
- Pa ditou

**13. Èske revni total chak ane lakay ou (moun k ap resevwa swen an) mwens pase 20000 dola? (Li pa obligatwa)**

- Wi
- Non
- Mwen prefere pa reponn

**14. Èske kounye a ou (moun k ap resevwa swen an) se yon manm MassHealth?**

- Wi
- Non
- Mwen pa konnen

**15. Èske ou (oswa moun w ap bay swen an) gen nenpòt lòt opinyon oswa panse ou ta renmen pataje avèk nou?**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Pou jwenn plis enfòmasyon, resous, oswa pou konekte ak Ajans Moun k ap Pran Laj (AAA) ou a, tanpri kontakte MassOptions nan 800-243-4636 oswa vizite sit entènèt yo a nan [www.massoptions.org](http://www.massoptions.org).**